Ассаламу гӀалайкум!

# АХИХЪАН

№ 34 (78030)
20 Август
2024 сон Талат
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. Унсоколо районалъул газета «САДОВОД»

АТК: экстремизм-наркотикал

## Цересел балагьал такрарлъичIого рукIиналъе



**Районалъул гIадамазда кIочон батиларо исламияб диналда жаниб бугеб цо течениялъун кколеб вагьабизмалъул асаралда гъоркь, районалда гIумро гьалаглъизабурал 90 сонал. КъватIисел хIукуматаздасан Дагъистаналда гIумро захIмалъизабиялъе ва Россия биххизабиялъе къуват рехарал саназда республикаялдаго бищунго кьаби щвезабуразул цояб букIана нилъер район ва гIемерал камиял ккана гьел соназда нилъее, цояздаса цоял сахал васал камуна районалъе...**

Лъеберго соналдаса цIикIкIараб заман долдаса нахъе аниги, данде ругез нилъ ккезарураб ахIвал-хIал хисизабизе кIваниги, жеги лъугIун гьечIо халкъалда гьоркьор рикьиял ккезарулел лъугьа бахъинал, хасго гIолеб гIел хвезабиялъе западалъ гьарулелщинал данде кколарел политикиял нухал, гьелдаго цадахъ наркоманиялъул, батIайиса пикру гьабулеллъун гIолеб гIел лъугьинариялъе къор гъей цебетIун буго гьабсагIаталдаги. Гьединаб «тарбия кьей» гьабулеб буго социалиял сетаздасан. Къокъго абуни нилъеда рихьуларел тушбабаз кинабго рахъ хIисабалде босун, хIалтIи гьабулеб буго нилъеда данде. ГIумроялъул гьеб рахъ хIисабалде босараб экстремизмалде ва терроризмалде данде чIараб хIалтIи гьабулеб комиссиялъул данделъи тIобитIана гьал къоязда районалъул администрациялда.

Терроризм -экстремизмалде, гьелда ахIулел рекъечIел гIамалазде гIолеб гIел унеб бук1иналъул баянги кьун, КТОялъул комиссиялъул пред. ГI.НурмухIамадовас рагьана данделъи. Гьенир гIахьаллъана РДялъул МВДялъул УКОНалъул отделалъул нач. полициялъул подполковник ГI-Х ГIумаров , гьезул отделалъул нач. Н. Сайфудиноваги. Гьезул тема букIана « Наркотикал хIалтIизарулезул къадар гIодобе ккезаби-цебе ч1араб масъала»,- абураб.

- Лъалеб букIахъе кинабго гьабулебщинаб мекъи ккезабулеб ва гIолилаз цIакъго гIемер хIалтIизабулеб рекъечIеб ва кинабго рахъалъ зарал бугеб гIамаллъун ккола наркотикал хIалтIизари,-ян абуна Г1умаровас. Гьедин батIи-батIиял заралиял жал хIалтIизарун гIаданлъиялъулаб нухдасан рикIкIалъулел руго нилъер гIемерисел гIолилал. Гьедин гIумро халалъарасул халкъалъе зарал камуларо. ГьабсагIаталда цIикIкIараб бичIи кьеялъул хIалтIи гьабизе ккола гIолилал кантIизариялъе киса-кибего,-ян тIадчIей гьабуна хадубги гьес.

Гьенибго гьоркьохъеб лъай кьеялъул объектазда цIияб цIалул сон байбихьулеб тадбиралда терроризмалъул хIинкъи букIунгутIиялъе хал кквей чIезабизе ккола»,- абураб букIана райОНО отделалъул нач. М.МухIамадовасул тема.

ГIолилал руссунел бакIазда терроризмалъул хIинкъи гьечIолъи букIиналде руссараб кIалъаял гьаруна Генуб росдал мажгиталъул имам М-С. ГъазимухIамадовас, Унсоколо росдал бетIерасул зам .ХI. ХIамзатовас, Майданское росдал бетIер А-ХI НурмухIамадовас, Балахьуни росдал гIолилазул цевехъан Ю. ГIабдувагьабовас, районалъул имамазул советалъул пред. М. ГIабдувагьабовасги.

«Унсоколо район» МОялда НАКалъул, РДялъул ва МОялъул АТКялъул хIукмаби тIураялъул бугеб хIалалъул бицана «Унсоколо район» МОялъул бетIерасул зам, МОялъул АТКялъул секретарь М. ХIамзатовас.

Ахиралда рагIа-ракьанде щвараб, гьоркьоб лъураб суалалдехун жавабчилъи борхулеб кIалъай гьабуна РДялъул МВДялъул УКОНалъул отделалъул нач. Надежда Сайфудиноваль. -Къварилъи ккезегIан чIечIого хIаракатаб хIалтIи гьабизе ккола гIун бачIунеб гIел балагьал ишазде гъоркье ккунгутIиялъе,-ян бихьизабуна гьелъ. -ГьабсагIаталда кинабго рахъалъ кIвар кьун хIалтIи гьабизе ккола гIолилазулгун, щай абуни гьелгун хIалтIулел ругелъул соцсетал, унеб буго кутакаб божизари, ай гъоркье рехи.

Кидагосеб хъаравуллъи чIезабизе хIажат буго гIолилазда хадуб, наркотикал хIалтIизарулел ругищали хал кквей нахъаса къотIизе бегьуларо, хIалтIизаризе риччазе бегьуларо энергетикал.

ГIолилал бигьаго гъоркье рехизе кIола. Гьединлъидал гьел цIуниялъе гьабулеб хIалтIи жакъа аслияблъун хутIулеб буго,-ян тIадчIей гьабуна хадубги гьелъ.



Комиссиялъул данделъи ана чIагояб ва хадусеб хIалтIуе пайдаяб куцалда. Араб гIумроялъул захIматал лъугьа-бахъинал такрарлъунгутIиялъе иш тIаде кколез гIолилазулгун гьабулеб хIалтIи берзукьа борчIизе тезе бегьуларо,-абураб бихьизабигун ана гьеб.

## Аппаратальул данделъи



Гьал къоязда «Унсоколо район» МОялъул администрациялда букIана иргадулаб аппараталъулаб динделъи. Гьениб цере чIарал масъалабазул бицунаго районалъул бетIер ГI.НурмухIамадовас кIвар буссинабуна школазда тIаде щолел лъаязул къоялде ва гьал къоязда гьитIичал къабул гьаризе хIадурлъарал ясли-ахазул хIалтIуде. Бихьизабуна:- Лъай кьеялъул гьел бутIабазда иш тIаде ккколез щвалде щвараб хIадурлъи букIинабизе кколин. Киса-кибего нилъер бугелъул къимат гьабиялде кIвар кьолеб буго. Нилъерго авар мацI тIагIунареблъун гьабиялдеги кIвар буссинабизе хIажат буго,-ян тIадч1ей гьабуна бетIерас.

Гьенибго суал хъатIана риидалил заманаялъ хIалхьи гьабулел гIурул рагIаллъабазда ругел бакIазда лъелъ чиясе къварилъи ккунгутIиялъе цIодорлъиялъулал хIалтIаби гьариялдаги. Бицана налогал ракIариялъул бугеб хIала-лъул. Учреждениял -организациязул нухмалъулез тIад-чIей гьабуна жидерго хIалтIул бугеб хIалалда.

Ахиралда бетIерас бихьизабуна кIиабилеб бащдаб лъагIалие районалъул «Ахихъан» газеталъе подписка гьабиялде кIвар буссинабизе кколинги.

Данделъи

## Поле лъугIизабиялъул суалгун

19 августалда «Унсоколо район» МОялъул бетIерасул кабинеталъуб дандрана Балахьуни росулъ футболалъул поле гьабун рагIалде бахъинабиялъул суал.

ГI.НурмахIамадов дандчIвана РДялъул гIелмуялъул ва проектазулаб ишалъул министр Барият Мусаевагун ва буголъиялъул министерствалъул, комиссиялъул нач. Р. ЖабрагIиловгун. Къойил темаялда букIана аслиял хIалтIаби полеялда унел ругеб куцалъул, гьенир хIалтIаби рагIалде рахъинаризе кколеб заманги бихьизабуна.

Ахиралда бетIерас хIалтIи гьабулезул пикру буссинабуна хIалтIул качество букIине ккеялде.

Ахихъан
Районалъул газета
№ 34 (78030)
Талат
20 Август 2024 сон



РФялъул пачалихъиял байрахъазул къоялъ районалъул администрациялда тIобитIана пачалихъиял байрахъал рикьиялъул акция. Гьел рикьана физическиял культураялъул, спорталъул, туризмалъул отделалъул гIолилаз.

Нилъер байрахъ ккола нилъер тарих, нилъер умумазул гIумро, гьезул захIматаб хIалтIи, хIалбихьи, гIатIидго хIалтIизабизе ккола хадубккун Россиялда. Байрахъалъул хIурмат гьаби ккола нилъер культураялъулгун тарихалъул гьабулеб хIурмат, улкаялъул букIинисеб цIуни.

АхIулгохI: Имам Шамил гьавун -220 сон

# АхIулгохI - мукъадисияб бакI

**Молоца росичIо, росонир лъечIо,**
**Мусру тIад жемичIо, зани-хоб щвечIо.**
**РухI бахъаралъубго тIаде ракь хъвана,**
**ТIад бугеб ратIлилъго тIерхьинаруна**
**Игьалиса Чупалов**



Къарахъа МухIамадтIагьрица хъвалеб буго АхIулгохIда шагьидлъанин лъабгонусгоялдаса цIикIкIун бихьинчи. Гьел ккола хас гьарун рагъуе къачIарал муридзаби. Киналниги, ай руччаби, лъимал, херал малъун, АхIулгохIда шагьидлъун руго азаралда ункънусго гIанисев чи.

Киналго шагьидзабазул цIарал лъалел гьечIо. ГьанжелъизегIан нилъехъе щварал АхIулгохIда шагьидлъарал цо-цо машгьурал бахIарзазул цIарал цIех-рех гьабун лъазарурал руго, гьелги цIикIкIарисел руго аскIор ругел росабалъа.

**АхIулгохIда шагьидлъарал, нилъехъе щварал цо-цо машгьурал бахIарзазул цIарал:** гьезда гьоркьор руго Хьаргабиса ГIабдулал КъурахIмаваХIусен,КъудукьаМухIамадамин. Имамасул рукъалъул агьлуялъул АхIулгохIда шагьидлъана: Шамилил инсул вац, гIалимчи Бартихан. Ахирисеб къоялъ гьев шагьидлъанин хабар бачIиндал, аскIор рукIарал муридзабаз Шамилида зигара бана. Сверухъ кколеб бугебщиналъ ракI гьанцIизабурав, шагьидасул хвалихъ гIащикълъун вугев имамас зигара балезда абула: «Гьелъул бакIалда нужеца дида абе: «Мун ТIадегIанав Аллагьас Бартихангун дандчIвазавеги»,ян.

### Имамасул тIул бикьарай яц Зайнаб

Шамилица рукъалъул агьлуялда амру гьабун букIана хIал бугебгIан заманаялъ тушманасда данде рагъе,-ян. Тату хун, ругъназ загIип гьарун ругони, капурзабазухъе кверде ккезе чIечIого гIурулъе кIанцIе,-ян. ГIурусал руччабиги лъималги асир гьаризе,-ян гьел данде руссараб бакIалде рортидал, гьурмада кIазги бухьун, борхатаб къурдаса гьоркье гIурулъе кIанцIун ана лъимаде йигей имамасул яц, Зайнаб...

### Шамилил лъади Жавгьарат ва вас СагIид

БотIролъ щвараб гулил ругъуналъ загIип гьаюрай гьей, муридзаби рахчун рукIараб къварилъухъ хутIана. Жиндир рухI босизегIан гьелъ Унсоколоса ТIагьирида лъим тIалаб гьабе,-ян гьарулеб букIана ва чIер чIамулеб букIана кIиго сон барав васасе кьезе. Гьай хун хадуб бесдал хутIараб лъимер гьелда тIад хурхун букIана. Цо лъагIаладасан Шамил вачIана АхIулгохIде ва цIех-рех гьабуна Жавгьарат хутIараб бакIалъул. Цояс бихьизабуна гьей гIодой ккун йикIараб бакI. ХIакъикъаталдаги гьей ятана гIуруца рачIарал гамчIаздаги щалаялдаги гьоркь. Жавгьаратил тIад ретIараб ретIелалъе ва къаркъалаялъе щибго лъугьараб, хисараб жо батичIо. ХIатта гьелъул кIутIбигицин рукIана рагьан-цабзазда тIаде рорхизеги гьарун риччан тедал, гьелъул кIутIби жалго данде рачIана, чIагояй гIаданалъул гIадин. Имамас гьей АхIулгохIда юкъана. Жавгьаратил черхалъе щибго лъугьинчIолъи хIикмалъи гьабизе ккараб жо гуро, исламалъ абулелъул шагьидзабазул чурхдул хабалъ туруларилан.

АхIулгохIда шагьидлъаралин абуни, рукIана Аллагьасул хIакъаб нухда ругел гьазизаби.

МухIамадтIагьирица хъвалеб буго: «АхIулгохIалъул цо нохъода жаниб буго цо бихьинчиясул жаназа. ГьанжелъизегIан -I272 гьижрияб, I856 миладияб сон бугониги-гьесул я черхалъе, я ратIлилъ щибго жо хисун гьечIо. Гьениве зияраталъе арав бокьарасда вихьизе рес буго гьев».

АхIулгохI капурзабаз бахъун къого соналдасан гьениве щварав ГIуриса цо херав чияс бицун буго, жинда йихьанин гIодой чIовухъего шагьидлъарай цо чIужугIадан. Гьелъ чIинчIоялъул кIиябго рагIал кверalъ ккун бугоанин, гьенибин абуни букIанин цояб рахъалда дагьабго ханжу, цогидаб рахъалда цIам,-абун.



АхIулгохI мукъадисияб бакI букIин баян гьабула гьадинаб хIужаялъги: гьениб цо гIашилтIесесул милклъиялда бугеб АхIулгохIил шагьидзаби рукъараб ракьул бутIаялда, къогоясде гIагарун чияс къасд гьабуна гьеб бекьизе ва ахал гьаризе. Амма гьел киназулго кверал ракъвана.

**М. ДАДАЕВ**

Пайдаял малъа-хъваял

# Рукъалъул хозяйкабазе бигьалъиялъе

**Парталалъул гIумро кин халат гьабилеб?**

ХъахIаб партал чурулаго лъикI бацIцIалъула гьеб чурилалде цебе цо-кIиго сагIаталъ борная кислота жубараб лъелъ хIеккине тани, (I-2 гъуд борная кислотаялъул I0 литр лъадада гьорлъе т1е).

ГIемераб заманаялъ бегун тараб партал чурулаго гьеб I сагIаталъ хIеккинабизе лъикIаб буго 3 гъуд нашатыралъул спирталъул, цо гъуд скипидаралъул, цо столовияб гъуд одеколоналъул I0 литр лъелъ жубараб лъамалъиялъуъ.

Кьер бугеб партал машинаялъ чурулеб заманалда чара гьечIого жубазе ккола 2-3 столовияб гъуд цIамул. Гьелъ парталалъул кунчIи цIикIкIинабула ва чурун хадуб лъугьунеб букIкIин тIагIинабула.

Габанидул кунал гьабураб хъахIаб хамида утюгалъ лъугьинабураб тIогьилаб ланг инабула гьеб цIорораб лъелъги ччун, хлоралъул гачалъ лъулъани. (I чайдул гъуд цо стакан лъелъе).

Квас-квасул ва габанидул ххам гьорон бачIуна лъелъ, хасго бухIараб лъеца чурулеб бугони ва бакъван хадуб гьеб цIакъго данде ун, кьокълъула. Гьединлъидал, хIалтIизабилалде цIиго букIадго ххам бухIараб лъеца чурун бакъвазабула (цIазабичIого). Дарайдул ххамил партал яги цоги гьабураб жо чурун хадуб ххулизе ккола I0 литраялде гьорлъе 5 столоваялъул гъуд столовияб къанцIадул жубараб цIорораб лъеца.

**Лъалищ нужеда?**

Рокъоб букIунеб хIутI-хъумур, хасго иц хвезабиялъе бищунго лъикIаб буго, щибго нилъее заралги гьечIеб, гIисин гьабун буссараб ромашкаялъул тIугьдул. Гьелъул лъамалъи пунхъизе ккола гьел рукIунеб бакIалде.

ТIутIазе бищунго бокьуларо пижма абулеб хер. Гьеб рокъоб лъуни, тIутIал рокъоре къаларо.

ЦIунцIрабазде данде хIалтIизбизе лъикIаб буго рукъалъул шартIазда хIадурараб реччел. Рокъор гьел гIемерлъулел ругони, бакъвадго буцараб гьелда гьорлъе жубазе ккола варенье яги гьоцIо. Гьеб цIунцIрабаз гьираялда кванала, хадур хола.

Партал-хьиталда иц бачIого букIине чунтбузухъ лъезе лъикIаб буго апельсиналъул макъар яги танхьил тIамах.

**Буцараб ролъуе цIам кин рекъезабилеб?**

Цо кг. буцараб ролъуе – 5-I2 гр. цIам.

**Гьанал котлетазе:**
Буссараб гьанал цо килограммалъе – 20 гр. цIамул.

**ЧчугIил котлетазе:** цо кило ччугIил филеялъе хIажалъула 20 гр. цIам. Гьединабго къадар цIамул хIажалъула гречкаялъул каша хIадурулаго. Рисалъул цо килоялъул каша хIадурулеб бугони, базе ккола 28 гр. цIамул.

**Баян:** цо чайдул гъудалда жанибе уна I0 гр. цIамул.

**Лъазе тIадаб буго**

**ЦIам.** Кванил качество ва гьеб белъиналъул болжал гIемерисеб бараб буго цIамуда. Гьединлъидал: нужее цIакъго тIагIамаб гьанал гьагIо лъугьине бокьани, гьан белъиналде бащдаб сагIаталъ цебе цIам базе ккола.

Белъунаго ччугIил гьан бихxун инчIого букIиналъе, гьеб белъиналда цебе цIамги бан хIадуризе ккола.

Белъунеб гьан цIакъго тIагIамаб лъугьине бокьани, гьеб цIорораб лъелъ гуреб, цIам бараб гьалдолеб лъелъ лъезе ккола.

Хъал бахъун белъунеб картошкаялде хьагиниб лъолаго цIам бала. Гьелъ цIунула картошкаялда гьорлъ рукIунел регьен бугел жал.

БагIаргьоло ва горох цIам бан белъинабизе ккола гьеб хIеккун тамахлъараб заманалда. Гьедин гьабичIони, гьелъ 2-3 сагIат цIикIкIун бала белъине.

Овощазда гьорлъа сок нахъе инчIого букIиналъе гьелъул гьарурал салатазде цIам бала столалде кьелалде цебе.

Бакъвазабизе хIадурараб гьанаде цIам базе лъикIаб буго гьеб цIоролалде ва бащдаб сагIаталдаса цIикIкIун цIамулъ тезеги лъикIаб гьечIо, (цIикIкIун тани гьелъ гьаналъа пайдаял жал инарула бецIцIлъиялдалъун).

Гьан яги ччугIа бежилалде цIамулъ ва цоги тIагIамазулъ ччузе ккола. ТIулалде гьелъул гIаксалда, бежун хадуб бала цIам.

Лъан букIа, цIикIкIун хIалтIизабураб цIам черхалъе зaралияб буго, кванилъ цIикIкIун ккун батани, базе бегьула дагьаб чакар, яги лъикIаб буго катнидеги бан, хIеккараб пула жанибе биччазе. Гьелъ цIам хехго бахъула.

Ахихъан
Районалъул газета
№ 34 (78030)
Талат
20 Август 2024 г



# Садовод

Страница в номере



## Соблюдая простые правила гигиены и здорового питания

**Лето – время отпусков и… кишечных инфекций?**



Лето – пора отпусков, путешествий и отдыха на природе. Но вместе с солнцем, морем и вкусной едой приходит и угроза кишечных инфекций.

**Почему летом чаще болеют кишечными инфекциями?**

• Повышенная температура воздуха: Жара способствует быстрому размножению бактерий и вирусов;
• Несоблюдение правил гигиены: В отпуске мы чаще едем в незнакомые места, где может быть другой уровень гигиены, а также часто кушаем на улице, где риск заражения выше;
• Употребление некачественных продуктов: В теплую погоду продукты быстрее портятся, и их неправильное хранение может привести к отравлению;
• Путешествия: Перемены в климате, часовых поясах и рационе могут ослабить иммунитет и сделать организм более восприимчивым к инфекциям.

Симптомы кишечных инфекций:
• Тошнота и рвота;
• Диарея;
• Боль в живот;
• Повышенная температура;
• Слабость;
• Головная боль.

**Как защититься от кишечных инфекций летом?**

• Мойте руки часто, особенно после посещения туалета, контакта с животными, и перед едой;
• Тщательно мойте фрукты и овощи;
• Не употребляйте воду из неопределенных источников;
• Выбирайте только свежие и качественные продукты в проверенных местах;
• Храните продукты в холодильнике при низкой температуре;
• Не употребляйте сырое мясо и рыбу;
• Обрабатывайте термически все продукты.

Важно!
• При первых признаках кишечной инфекции немедленно обратитесь к врачу;
• Соблюдайте покой и обильное питье;
• При сильной рвоте и диарее необходимо восполнять потерянные электролиты;
• Избегайте самолечения.

Лето – прекрасная пора для отдыха и путешествий, но не забывайте о своем здоровье. Соблюдая простые правила гигиены и здорового питания, вы можете предотвратить кишечные инфекции и насладиться этим прекрасным временем года.

## Причины аллергии на солнце

По мнению специалистов, аллергию вызывают не сами солнечные лучи, а избыточное накопление под кожей веществ, образующихся под их воздействием, — фотосенсибилизаторов 3.

Энергия солнечного света в коже человека трансформирует молекулы сенсибилизаторов, они приходят в возбужденное состояние за счет механического движения электронов. Это проявляется ощущением тепла или становится причиной изменения химического состава тканей. Это измененное состояние за счет иммунных реакций может поддерживаться длительное время: то есть к фотодинамическим процессам присоединяется фотоаллергическая реакция. Это подтверждает тот факт, что приобретенные фотодерматиты обычно проявляются после солнечного ожога3.

Фотосенсибилизаторы могут быть внешними и внутренними. Механизм действия внешних, к которым относят косметические и красящие вещества, заключается в поглощении лучей волны определенной длины. Внутренние сенсибилизирующие вещества изменяют реактивность собственных тканей к действию солнечных лучей 3.

## О важности диспансерного наблюдения, приверженности лекарственной терапии и соблюдения рекомендаций лечащего врача. Демонстрация преимуществ ведения здорового образа жизни.

С целью усиления профилактической направленности российского здравоохранения с принятием закона «Об основах охраны здоровья граждан» в нашей стране была возрождена масштабная система диспансеризации. Ее особенности: массовый охват населения на добровольной основе по территориальному принципу; комплексность обследования и дифференцированный подход с применением оптимального научно обоснованного набора методов обследования с учетом возраста и пола; двухэтапность (первый этап – скрининг на выявление признаков болезни и факторов риска ее развития, второй этап - уточнения диагноза на основе дополнительного углубленного обследования). По результатам обследования определяются группы состояния здоровья, необходимые профилактические, лечебные, реабилитационные и оздоровительные мероприятия, формируются группы диспансерного наблюдения. Диспансеризация проводится бесплатно по полису ОМС в поликлинике по месту жительства (прикрепления) в соответствии с Приказом Министерства здравоохранения РФ от 26 октября 2017 г. № 869н «Об утверждении порядка проведения диспансеризации определенных групп взрослого населения».

Диспансерное наблюдение — это наблюдение за состоянием здоровья людей, которые имеют тяжелые хронические заболевания, высокий сердечно-сосудистый риск, функциональные расстройства или восстанавливаются после серьезных травм, операций или заболеваний, а также находящихся на реабилитации после тяжёлой болезни.

Пациенты, которые стоят на диспансерном учете, регулярно посещают лечащего врача, сдают анализы, проходят необходимые обследования и, если надо, получают бесплатные лекарства. Диспансерное наблюдение направлено на раннее выявление основных факторов риска развития хронических неинфекционных заболеваний, т.е. снижение инвалидности, преждевременной смертности и увеличение продолжительности жизни.

Для чего нужно проходить диспансеризацию?

Регулярное прохождение диспансеризации необходимо вне зависимости от самочувствия. Даже если человек считает себя здоровым, во время диспансеризации у него могут обнаружить хронические неинфекционные заболевания, лечение которых наиболее эффективно на ранней стадии. Диспансеризация позволит сохранить и укрепить здоровье, а при необходимости своевременно провести дополнительное обследование и лечение. Консультации врачей и результаты тестов помогут не только узнать о своем здоровье, но и получить необходимые рекомендации об основах здорового образа жизни или по выявленным факторам риска. Периодически идти к врачу, когда ничто еще не беспокоит – это нормальное поведение человека, который заботится о том, чтобы оставаться здоровым и прожить как можно дольше.

Не оставляйте «на потом» комплексное обследование своего организма!

**Где можно пройти диспансеризацию?**

Граждане проходят диспансеризацию в медицинской организации по месту жительства (прикрепления), в которой они получают первичную медико-санитарную помощь (в поликлинике, в центре (отделении) общей врачебной практики (семейной медицины), во врачебной амбулатории, медсанчасти и др.). Каждый человек, который хотел бы пройти диспансеризацию, должен обратиться к своему участковому терапевту. Начинается диспансеризация с кабинета медицинской профилактики, где проводится анкетирование, антропометрические исследования, бесконтактная тонометрия глаз (измерение внутриглазного давления в возрасте 39 лет и старше). Потом человек получает маршрутный лист, начинает проходить исследования: флюорографию, электрокардиографию, маммографию и так далее.

Какие документы необходимы для прохождения диспансеризации? Каждому гражданину, направляющемуся на диспансеризацию, необходимо иметь паспорт и страховой медицинский полис ОМС.

Какие диагностические исследования проводятся в рамках диспансеризации на первом этапе?

Перечень осмотров, исследований и иных медицинских мероприятий, проводимых в рамках диспансеризации, определяется в зависимости от возраста и пола пациента.

Первый этап диспансеризации (скрининг) проводится с целью выявления у граждан признаков хронических неинфекционных заболеваний, факторов риска их развития, потребления наркотических средств и психотропных веществ без назначения врача, а также определения медицинских показаний к выполнению дополнительных обследований и осмотров врачами- специалистами для уточнения диагноза на втором этапе диспансеризации. Первый этап заканчивается приемом (осмотром) врача-терапевта, включающим определение группы состояния здоровья, группы диспансерного наблюдения и проведение краткого профилактического консультирования. По итогам первого этапа терапевт определяет группу здоровья и решает, необходимо ли более детальное обследование (направление на II этап диспансеризации).

Второй этап диспансеризации проводится с целью дополнительного обследования и уточнения диагноза заболевания (состояния), проведения углубленного профилактического консультирования и включает в себя проведение по определенным на первом этапе показаниям.

**Что происходит, если в ходе диспансеризации у пациента обнаруживают отклонения в здоровье?**

После всех исследований и консультаций специалистов пациент идет на прием к терапевту. По результатам диспансеризации для планирования тактики его медицинского наблюдения определяются группа здоровья.

Диспансеризация позволяет укрепить здоровье, выявить заболевание как можно раньше, лечить болезнь с наибольшим успехом.

**Буйнакский филиал ТФОМС РД**

# Соблюдению порядка и чистоты



Учащиеся общеобразовательных школ по направлению центра занятости приняли участие по очистке территории Ашильтинского леса.

Данное мероприятие было организовано благодаря программе содействия ЦЗН в лице и.о. директора Рашида Ахмедовича.

В данном мероприятии участие приняли 23 ученика с согласием родителей, также их сопровождал организатор МКОУ-УСОШ №1 Абдулаев Нурмагомед Абдулаевич. Так, согласно программе, дети в свободное от учебы и занятий время трудоустраиваются, и что самое главное- труд оплачивается.

Участие во временной занятости является хорошей возможностью для несовершеннолетних приобрести профессиональные навыки ,расширить круг общения , адаптироваться к трудовой деятельности и заработать свои первые финансы.

Центр занятости населения «Унцукульского района» планирует и в дальнейшем привлекать подростков к труду и занятости в целях привлечения интереса к общественному труду , соблюдению порядка и чистоты в своем районе.

# День открытых дверей



14 августа центр занятости населения в МО «Унцукульский район» провел «День открытых дверей» для безработных граждан и граждан ищущих работу. Мероприятие было направлено на информирование граждан о преимуществах, привилегиях, льготах при заключении службы по военному контракту. Были приглашены представитель военного комиссариата «Унцукульский район» Магомед Султанович , а также заместитель главы администрации «Унцукульский район» Гамзатов Магомед Абдурахманович. В ходе данного мероприятия безработные получили ответы на все интересующие их вопросы .

**ГКУ РД ЦЗН в МО Унцукульский район**

# Создан «ПАМЯТЬ ГОР»

**Я Шихабудинов Казим Халидович, председатель ДРОО» ПАМЯТЬ ГОР «ФОНД создан для поддержки участников СВО и их семьям.**



Наша задача и обязанность заключается в том, чтобы ребята, прошедшие спецоперацию и вернувшиеся из зоны боевых действий смогли получить медицинскую, психологическую и социальную поддержку, а также начать жить нормальной жизнью.

Фонд будет оказывать помощь в получении необходимой медицинской помощи и консультации, обеспечивать социальную адаптацию и трудоустройства для ветеранов а также предоставить психологическую поддержку. Будем заниматься поддержкой участников СВО и членов семей. У нас много направлении, основное направление поиски безвести пропавших, это самая основная тема на сегоднешних дней.

По мере возможности ищем, находим. В этом направлении много работы. Будем взаимнодействуя органами власти всех уровнях во всех муниципалитетах, для того чтобы решать все возникающие вопросы, как самых участников СВО, так и их семей, взаимодействуя на фронтах, на местах. Потому, что у нас организация участников СВО.

## Уважаемые жители и гости Унцукульского района!

В период с 20 по 29 августа 2024 года на территории Унцукульского района сотрудниками Отдела МВД России по Унцукульскому району, совместно с органами ФСБ России, уголовного розыска, участковыми уполномоченными полиции, ГИБДД, других территориальных ОМВД России на районном уровне проводится 3- этапа оперативно-профилактического мероприятия под условным названием «Нелегальный мигрант».

Целью проведения мероприятия «Нелегальный мигрант» **является:**

- предупреждение и пресечение незаконной миграции;
- выявление и раскрытие преступлений, в части фиктивной регистрации и постановки на учет по месту жительства (пребывания) иностранных граждан и лиц без гражданства;
- выявление иностранных граждан, незаконно осуществляющих трудовую деятельность на территории России;
- выявление административных правонарушений миграционного законодательства России;
- выявление фактов использования поддельных миграционных документов;
- выявление противоправной деятельности организованных преступных групп в миграционной сфере. Если у вас есть достоверная информация о совершенных (совершаемых) правонарушениях или преступлениях в миграционной сфере, просим обязательно сообщить в полицию по телефонам **«02»** или **«102»**

**Или 8 8722 99 60 33, 55 62 47**

**Начальник МП ОМВД России по Унцукульскому району Ш.М.Гамзат**

# Лъазаби

2019 соналъул июнь моцIалда Генуб поселокалъулаб школалъ Сидикъбегов МухIамад МухIамаднабиевичасул цIаралда кьураб, **№ 00504000010283** бугеб, гьоркьохъеб лъай щвеялъул Аттестат тIагIун буго.

Жакъа къоялдаса гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.


Газета основана 1937 г.
УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация Унцукульского района
Главный редактор КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.
Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции: 51373 Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора 89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21
Подписано в печать - 20.08.2024 г. 17. 40
фактически -17. 55 мин.

Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках
Тираж - 1002 экз.